Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.    Унсоколо районалъул газета    «Садовод»    sadovoduns@yandex.ru

№ 26 (7218) 1 Июль Рузман 2016 сон.    Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ.    Багьа 7 гъурущ

## Жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи

(1 июлалда байбихьула ТIолгороссиялъул росдал магIишаталъул перепись)



**Райадминистрациялда хал гьабиялде босун букIана ТIолгороссиялъул росдал магIишаталъул перепись гьабиялъе бугеб хIадурлъиялъул суал. Гьеб бищунго кIудияб аграрияб комплексалъул статистикаялъулаб цIех-рех байбихьизе буго 20I6 соналъул I июлалда. Бигьаяб гьечIо гьеб хIалтIи. Переписалда хурхарал суалазул дандбазе райадминистрациялъул залалде ракIарун рукIана РДялъул пачалихъияб Федералиябгун территориалияб хъулухъалъул вакилзаби ва переписчикал.**

Данделъи рагьана Унсоколо районалда бугеб пачалихъияб статистикаялъул отделалъул бетIерав специалист-эксперт С. СагIабдулаевас. Гьес бихьизабуна араб росдал магIишаталъул перепись тIобитIанин 2006 соналда, тIадчIей гьабуна гьеб кутакалда захIматаб ва жавабияб хIалтIи бугилан. Гьеб байбихьилалде пепепись гьабулел 24-30 июлалде щвезегIан росдал магIишаталъул объектазул хал гьабизе кколин, гьезул информация бакIаризе кколин.

Гьаб соналда перепись ине буго «Село в порядке – страна в достатке!»,-абураб ахIиялда гъоркь. Гьеб ккола улкаялъул аграриял ресурсазул цIех-рех гьаби гуребги улкаялда аграрияб политика гIуцIиги бачинги жанибе босулеб кьучI лъейлъунги. Гьеб цIех-рехазул кIудияб пайда букIине буго росдал магIишаталъе, бизнесменазе, фермеразе, сельхозкооперативазе, подсобниял магIишатал гIуцIаразе.

«Кинабго ине ккола тIадегIанаб даражаялда. Бокьарал гIунгутIаби хIисабалде росизе руго, гIайибиял гIадлуялде цIазе руго»,-ян бихьизабуна С. СагIабдулаевас ва переписчиказе кинабго битIункей гьарана гьес.

## Жавабиялгун дандчIвана

Лъалеб букIахъе «Унсоколо район» МОялъул хIалтIулаб группа; экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, бетIерав специалист Ш. МухIамадов, хIалтIухъаби ГI. МухIамадов, ХI-М. МалахIусейновги ракьазул суал битIун тIубазабиялъул мурадалда щолел руго районалъул росабалъе. Гьедин гьал къоязда гьел щвана ГIашилтIа, ХъахIабросо, ИштIибури, ЦIатIанихъ росабалъе. Гьел дандчIана росабазул активгун ва бицана ракьул участкабазул актуализация гьабиялъул.

ДандчIваязул ахиралда къабул гьаруна ракьазул хIисаб-суал гьабиялъул, пачалихъияб кадастровияб буголъи хъваялъул похозяйственнияб учет бачиналъул, ракьазул актуали-



зация гьабулаго ратарал гIунгутIаби лъугIизариялъул масъалаби цере лъурал хIукмаби.

Аппараталъулаб совещание

## Аслиял суалазде кIвар кьуна

**27 июлалда иргадулаб аппараталъулаб совешание тIобитIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, учреждениял-организациязул нухмалъулел. Балагьиялде росун рукIана муниципалитеталъе кIвар бугел ракьазул актуализация гьаби, неформалияб занятость, росдал магIишаталъул перепись гьаби, гIи-боцIи яшур ва цогидалги унтабаздаса цIуниялъул ва цогидалги суалал.**

Данделъи байбихьана ракьул актуализация гьабиялъул суалалдасан. Бихьизабуна гьеб ишалда хурхун гIезегIанго хIалтIи гьабун букIин ва хIасилал квешал гьечIилан. ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас гьеб ишалде цIикIкIараб кIвар кьолеб бугилан. Гьединго неформалияб занятосталъул суалалда хурхун гьабурал хIалтIул хIасил 57,7 проценталде бахун бугин.

ГI. НурмухIамадовас лъай кьеялда лъикIал хIасилал ругилан бицана. – Кинабго лъан гьечIониги ЕГЭялъул хIасилаз нилъ рохизарула. 23 выпускникасе щвана медалал. Дица рикIкIуна лъай кьеялда гьединал хIасилал районалда ккеялъулъ кIудияб роль бугин отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевасул, школазул директоразул, учительзабазул.



Нилъер щивасда лъала исана ЕГЭ кьеялда хадуб кьварараб хъаравуллъи букIараблъи. Гьединлъидал ракI бацIцIадго щварал баллаз ва тIадегIанал хIасилаз роххизаричIого хутIуларо. Гьединго лъай кьеялъул отделалъул начальник «Районалда цере гьарурал хъулухъазе гIоло» шапакъаталъе вихьизавизе вугинги лъазабуна бетIерас. Риидалил лагеразул хIалтIул бицунаго суал хъатIана Сямозералда лъадалъ гъанкъарал I3 школьникасул ва цо тIагIарасул суалалда. ГьабсагIаталда районалда хIалтIулеб буго кIиго лагерь «Сосна» ва «Орлиная гора». Гьениб хIалхьи гьабулеб буго Дагъистаналдасаго 300 гIан лъимералъ. БетIерас тIадкъай кьуна гьел лагеразда лъимал къабул гьаризе бугеб хIадурлъиялъул, кванил качествалъул ва гьезие хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул. «Гьарула, кIвар кье гIолеб гIел куцаялде. Жакъасеб гIумроялъ гьеб кутакалда тIалаб гьабулеб буго»,-ян бихьизабуна бетIерас.

Гьединго совещаниялда кIвар кьуна цогидалги суалазде. Бихьизабуна республикаялда гIемераб боцIи цадахъго холеб бугин. Вирусниял унтабазде данде чIеялъул хIалтIаби гьариялдеги кIвар буссинабуна гьениб.

## Росабазул бутIрузулгун дандчIвай

28 июналда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана росабазул бутIрулгун. Аслияб тема букIана районалда ракьазул актуализация тIобитIиялда хурхун. Гьенив кIалъалаго бетIерас бихьизабуна: «Щивав чиясул буго рукъ, дача, ракь цогидабги. Амма гьеб кибниги хъван гьечIо, гьедин бегьуларо, щибаб бакI законияб къагIидаялъ тIад хъван букIине ккола. Гьеб бараб буго нужеда, бутIрузда. ГIадамазда бичIчIизабизе ккола гьеб».

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 26 (7218)*

*1 Июль 2016 сон*



**Лъалеб букIахъе республикаялъул БетIерас гьаб сон лъазабун буго мугIрузул сонлъун. 26-29 июлалда республикаялда тIобитIизе буго МугIрузул форум. Гьеб тIобитIизе буго МахIачхъалаялда, Ахты, Хунзахъ, ЛъаратIа районазда. Гьелдаса хадуб форумал рукIине руго районазда, ине руго кучIдузул фестивалал**

ГIадамал хIалтIабаздалъун хьезари: нижер гара-чIвари

# ЗахIмалъаби дандчIвалел ругониги

**Цебе материалияб кумек гьабулел рукIарал учреждениязда хурхун батIи-батIиял харбал рукIуна гIадамазда гьоркьор. Гьединал учреждениязде гIадамазул пикроги буссун букIуна. Масала, ЦЗНалъул управлениялда дагьал цере соназдаги гIемер рахъазулал кумекал гьарулаан хIалтIи гьечIого хутIаразе. Гьеб гьанжеги гьабулеб буго, амма киса-кибего гIадин кризисалъулаб ахIвал-хIал хъатIичIого хутIичIо гьездаги. ГьабсагIаталда районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ гьелъул специалист ХIамзат ХIамзатовасулгун гара-чIвари гьабуна С. КъебедмухIамадовалъ.**



**- I99I соналъул I9 апрелалда къватIибе бахъараб «О занятости населения» Федералияб законалда рекъон штатал къокъ гьарун яги хIалтIизе бакIал щвечIого ругел гIадамазе дагьа-макъабго бугониги кумек гьабулаан, гьезул рукIана батIи-батIиял рахъалги. ГьабсагIаталда дунялалдаго бугеб ахIвал-хIалалъ кризисалде ккезабун буго улка. КIолеб бугищ Централда заманаялъ цере лъурал масъалаби тIуразаризе?**

- ХIакъикъаталдаги Центр гIуцIараб заманалда гIадинал чIахIиял ресалги гьарзалъиги гьечIо. Амма цебеялдаса гIемераб хиси ккечIого кумекалде ккаразе Централъ гьеб гьабулеб буго. Гьаб 20I6 соналъе нижее бихьизабун буго гIаммаб къадаралда I027 чиясе кумек гьабизе, ай хIисабалде росун руго гьеб къадар. Бихьизабун буго кинабниги 5 млн. гъурущ гIарац, жакъа къоялде гьелъул харж гьабун буго 3 миллионалде гIагарараб гIарац.

Цересел соназда хIисабалде росарал гIадамазе кьолеб къадар гIарцул кьолаан моцIида жаниб кIиго нухалъ. Ахирияб заманалда хадубгъун гьеб бачIунеб гьечIолъиялъ гIарац заманалда кьея лъул гIадлу хун буго. Амма бачIиндал гьеб нахъ бахъичIого хIисабалде росаразе кьола. Гьеб суал гьоркьоб лъуна РДялъул ЗахIматалъул министерствоялда дагьал церегIан къоязда букIараб коллегиялда. АхIвал-хIал къокъаб заманалда рукIалиде ккезабилин бихьизабуна гьениб.

**-ГьабсагIаталда кинал видал ругел гIадамазе кумек гьабиялъе?**

-Цере рукIана гIемер батIи-батIиял видал. ГьабсагIаталда гIарцул рахъалъ захIмалъаби рукIиналъ гIемеррахъазулал кумекал гьаризе рес кьолеб гьечIо.

**- Гьаб буго аптимизациялъул заман. Учреждениял-организациязда къалел руго штатал, гIадамал хутIун руго хIалтIаби гьечIого. Гьединазулгун гьабулеб хIалтIи кин бугеб?**

- Гьаб соналда жаниб 30 гIан чи вачIана нижехъе учреждениял-организациязда штатал къокъ гьариялъул хIасилазда хIалтIи гьечIого хутIарал. Киналго гьел хIисабалде росана ва гьабсагIаталда гьезие дагьаб бугониги кумек щола. КигIан захIматаб хIал бугониги рес къотIуде ккарал гIадамал нижеца нахъ чIваларо ва щивасул бугеб захIмалъи бихьун, гьезда гьоркьоб хIалтIи гьабула.

**-ХIалтIи гьечIого хутIаразе вакантниял бакIал рукIунищ, хIалтIизе гIадамал район тун къватIирехун унел ругищ?**

-Ахирияб заманалда районалда вакантниял бакIал гIемер гьечIо, гьединлъидал Россиялъул шагьаразде батIи-батIиял хIалтIабазде ине бокьаразе нижеца нижерго сайталда информациял лъун рукIуна. Гьединал бакIазде ине бокьарал нижехъе рачIуна. Амма гьезул къадар гIемерго цIикIкIараб гьечIо. Нагагьлъун Дагъистан тун къватIирехун хIалтIизе ине бокьаразе бакIал руго Приморьялъул, Амурский областалъул ракьазда. Гьениб цо чиясухъе цо гектар ракьалъул кьолеб буго хIалтIизабизе.

БатIи-батIиял интересал хIалтIаби руго Дагъистан бахун къватIирехун хIалтIизе ине бокьаразе. Гьелъул хIакъалъулъ лъазе бокьани рачIа нижехъе!

Щибаб санайиго Централда тIобитIула «Ярмарка вакансий»,-абураб видео-конференция. Исана гьеб тIобитIана лъабабилеб нухалда. Конференция гьаб нухалда букIана Питералдасан. Гьенире ахIун рукIана Россиялдехун хIалтIизе ине бокьарал ва цогидалги хIалтIи гьечIого ругел.

Цо захIмалъи буго хIалтIи букIинабиялда хурхун. Нилъерго гьанир ругел ралел бакIазде ва цогидалги хIалтIабазда хIалтIизе нилъер гIадамазе бокьуларо, лъаларо гьеб нечейищ яги чIухIийищали.

**-Лаваша районалда гIадаб «биржа труда» рагьизе рес гьечIищ нилъер районалда?**

-Ниж гьеб суалалда тIад ургъулел руго.

**-БатIи-батIиял махщелал щвезе гIолилал цIализе ритIиялъул кинаб хIал бугеб? РачIунищ нужехъе гьединал?**

-РачIуна. ЦIализе ине бокьаразул къадар ахирияб заманалда цIикIкIунеб буго. Гьаб соналда 110 чи витIизе хIисабалде росун руго.

**-Гьел цIализе ритIулаго кинал къагIидаби цIунулел?**

- ТIоцебесеб иргаялда цIализе унел нижер хIисабалда рукIине ккола. Гьезул лъайхъвай гьабула ругел бакIазулгун. ЦIализе унел ругони лъабго моцIиде щвезегIан Централъ кьола 850 гъурущ стипендия. ЦIалун рачIун хадуб рес бугогIан къадаралъ гьезие хIалтIаби ралагьиялъеги кумек гьабула.

# Воре цIодорлъи гьабе!

## (тIиритIун руго боцIул захIматал унтаби)

***Росдал магIишаталда гьоркьоб аслияб бутIа ккола гIибоцIи гIезаби. Гьеб ккола аслияб къагIидаялда мугIрузул районазул гIадамазул магIишатги. ГIемерисезул боцIипанз ккола магIишат гьабиялъе аслияб бутIалъун.***

Ахирисел соназда Россиялда ва республикаялда гIибоцIуда, ай рукъалъул хIайваназда раккун руго батIи-батIиял вирусниял унтаби: вируснияб диарея, нодулярнияб дерматит, хIанчIазул грипп ва цогидалги магIишатазе цIикIкIараб зарал кьолел унтаби.



Районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз цIикIкIараб хIаракат бахъулеб буго гьел унтаби районалъул территориялде риччангутIиялъул мурадалда. Амма боцIул бетIергьабаз гьелъул ургъел гьабулеб гьечIони, нижер хIаракаталъул хIасил ккечIого букIине бегьула. ГIибоцIухъабазда тIадаб буго жидерго рагьда ругел хIайваназда кинаб бугониги унта-щокълъи баккани ветуправлениялде яги росабалъ ругел участковиял врачазда лъазабизе. ГьабсагIаталда республикаялъул гъутабазда баккун буго нодулярнияб дерматит абураб захIматаб унти. Гьелъ унтулел руго киналго возрастазул чIегIерхIайванал.

СССР бугеб заманалда нилъер пачалихъалда гьединал унтаби рукIинчIо. ГьабсагIаталда абуни гьел республикаялда кутакалда рагъарун унел руго. ХIайваназда гьоркьоб гьеб унтуца хвезе бегьула 50 % хIайваназул. Гьединлъидал районцоязда тIадаб буго гьеб тун къватIибехуниса нилъерго территориялде хIайванал росунгутIизе, гьаб унта-щокълъи лъугIизегIан. Гьелъ рес кьезе буго районалда ругел гIибоцIуде захIматал унтаби рахинчIого рукIиналъе.

**МухIамад ГIАБДУЛАЕВ.**
**Унсоколо районалда бугеб РВУялъул бетIерав ветеринарияв врач**

## *Ярмаркаби рукIине руго*




4 июлалда кIал биччан къо щолеб букIиналъул хIурматалда Шамильхъала поселокалда букIине буго росдал магIишаталъул упралениялъ гIуцIараб ярмарка. Гьенир гIахьаллъизе руго киналго МУПал, фермерлъиялъул магIишатал, жалго гIадамазул подсобниял магIишатал.

Ярмаркаялда букIине буго батIи-батIияб продукция; бахчабазул культураби, пихъ, рахьдал, гьанал продукция, ччугIа, гьоцIо, нах ва цогидалги гIодобегIанаб багьаялда.

Ярмарка байбихьизе буго 4 июлалда сагIат I0.00 Шамильхъала оптовияб базаралда.

* * *

Бусурбабазул хIурматияб байрам кIал биччан гIидалъул къоялъул хIурматалда Буйнакск районалъул «Герей авлахъ» бича-хисиялъул площадкаялда букIине буго муниципалитетазда гьоркьосеб праздникалъулаб ярмарка. Гьенир гIахьаллъизе руго Дагъистаналъулго росдал магIиташаталъул производство гIезабулел. ХIажаталда хадур гьенире ине бегьула.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 26 (7218)*
*1 июль 2016 сон*



# Молодость

## 27 июнь - День молодежи



## Удачи, здоровья, новых свершений!

Дорогие друзья! Уважаемые юноши и девушки района!

Примите сердечные поздравления с одним из самых ярких праздников в российском календаре – Днём молодежи – праздником юности, неутомимой энергии и оптимизма!

Молодость – это один из лучших периодов в жизни каждого человека, время надежд, смелых решений, амбициозных планов. Быть молодым – значит быть активным, влюблённым в жизнь, открытым для всего нового, стремиться к знаниям, не бояться трудностей и находиться в постоянном творческом поиске.

Молодежная политика в наши дни является одним из приоритетных направлений социально-экономического развития Республики Дагестан. Разработаны и действует ряд программ, направленных на укрепление здоровья молодежи, совершенствование образования, трудоустройства и обеспечение жильем, организацию досуга и поддержки молодых семей.

Одна из главных целей, принимаемых мер заключается в том, чтобы помочь молодым гражданам выбрать достойный жизненный путь, обрести уверенность в своих силах, создать благоприятные условия для их всестороннего развития.

Молодёжь – огромный созидательный потенциал нашего района, его трудовой, интеллектуальный и творческий ресурс. Мы с полным правом гордимся молодым поколением Унцукульского района, которое активно участвует в жизни района, показывает высокие результаты в учёбе, успешно занимается спортом, одерживает убедительные победы на соревнованиях, фестивалях и конкурсах. В этом году в районе 23 медалистов - выпускников. Молодежь в возрасте от 14 до 30 лет составляет почти треть населения района, а значит это огромный кадровый и интеллектуальный потенциал! Хочется, чтобы все наши выпускники после окончания высших учебных заведений вернулись на родную землю. Именно вы, активные и целеустремленные, инициативные и решительные, талантливые и образованные, в ближайшие десятилетия будете определять лицо района, станете основой экономики, управления и производства.

Верю в замечательную молодежь нашего района, надеюсь на её выдержку, оптимизм, здравый смысл, преданность родной земле. Желаю вам не останавливаться на достигнутом, пусть прекрасное состояние молодости не оставляет вас в зрелом возрасте. Удачи, здоровья, новых побед и свершений!

**Иса Нурмагомедов.**
**Глава МО «Унцукульский район»**

---

**ОЪЯВЛЕНИЕ**

Отдел военного комиссариата РД по Унцукульскому району проводить набор кандидатов в военные училища высшего профессионального образования МО РФ и Суворовские училища.

В 2016 году с нашего района отправлено 4 кандидата в военные училища высщего профессионального образования (2 кандидата – Санкт-Петербургскую военную медицинскую академию. 1 кандидат - Санкт-Петербургский военный институт физической культуры, 1 кандидат Санкт-Петербургский военный институт ВВ МВД).

Желающие поступить в военные образовательные учреждения по всем вопросам могут обратиться к начальнику отдела военного комиссариата Республики Дагестан по Унцукульскому району Магомедову Ш. С. (тел. 55-10-22, 55-10-23, 8 (928) 5387280) с августа 2016 года.

**Ш. МАГОМЕДОВ.**
**Начальник отдела военного комиссариата по Унцукульскому району.**

## Счастливого пути, вам, в будущем!

27 июня - День молодежи в России – один из самых ярких и любимых праздников нашей страны. Не мог остаться в стороне от празднования и наш Унцукульский район, большое внимание в котором последние годы уделяется именно молодежи.

В этот день в актовом зале поселка Шамилькала Унцукульского района собрались учителя, учащиеся, врачи, спортсмены, работники культуры, администрации и многие другие для того, чтобы отметить День молодежи и чествовать тех, кем сегодня по праву можно гордиться. Открывая мероприятие, глава МО «Унцукульский район» Иса Нурмагомедов отметил, что особенный акцент на развитие молодежной политики в республике делает и Глава Дагестана Рамазан Абдулатипов. «В республике появился Молодежный Парламент, Молодежное Правительство. От нас тоже требуют молодых людей в управленческом составе, что также говорит о большом внимании руководства республики к молодым людям, - сказал глава муниципалитета. – Я очень люблю молодежь, и стараюсь быть к ней ближе. Молодежная политика в нашем районе по сравнению с предыдущими годами заметно улучшилась. Наша молодежь активно проявляет себя и в спорте, и в культуре, и в учебе. И не раз было замечено, что наша молодежь очень способная. Я от души поздравляю вас с этим праздником и желаю вам всех благ!».









Поздравил молодежь района с этим Днем и начальник отдела культуры Али Абдулаев. «Мы верим в вас! И все делаем для вас! Хочу пожелать вам идти в правильном направлении и работать во благо родного района», - сказал А. Абдулаев.

Искренние поздравления и пожелания в адрес унцукульской молодежи звучали в этот день из уст всех выступавших. Беречь родные села, район, Родину от войны просил в своем выступлении председатель совета старейшин Унцукульского района Сулейман Магомедов. «В ваших руках район. Берегите его. Будущее зависит от вас. Вы -наша красота, наше богатство, - сказал в своем выступлении имам Унцукульского района Абакаров Газимагомед. – Религия ведь тоже начиналась с молодежи. Главное, чтобы в ваших сердцах были вера и любовь. И эти два качества вас никогда не подведут».



«Молодость – это все краски жизни. Это весь наш потенциал. Наша молодежь – это не только наш ресурс, это богатство всего Дагестана. Крепкого вам здоровья и счастья вам!», - сказала в своем выступлении главврач межрайонной многопрофильной больницы Зарема Магомедова.

Поздравили собравшихся учащиеся школ района, а также воспитанники ДОУ №8 поселка Шамилькала.

В торжественной обстановке в этот знаменательный день глава района Иса Нурмагомедов вручил медали и тем, кто удостоился этих высоких наград за отличную учебу. 23 медалиста из Унцукуля, Гимры, Шамилькалы, Ирганая и других сел района под бурные овации зала были приглашены на сцену, где глава района поздравил их и вручил медали. Медаль «За заслуги перед районом» получил и начальник отдела образования Унцукульского района Лабазан Магомедалиев. Награду из рук главы района получил и педагог Ирганайской школы Хайбула Магомедов, долгие годы возглавлявший школу и работавший во имя процветания родного района.

Также Почетными Грамотами были награждены деятели культуры, спорта, молодые учителя, работники здравоохранения, библиотеки и многие другие.

Наркомания лъугIизаби - щибаб къойилаб хIалтIи

# КантIичIев кватIун ккола

Наркомания-гьеб ккола гIадамасул жиндиего бокьун хираго босараб унти. Медицинаялъул кIудияв гIалимчи (академик) Бехтеровас хъварал рагIаби руго гьадинал: «ПаракъиялЪ ва наркотиказ чи вачуна мискинлъиялде, такъсирчилъиялде, рекIел унтабазде ва жиндирго наслуялдаса ватIалъиялде»,-абун.

Медицинаялда наркотикал хIалтIизарула цого-цо чорхолъ бугеб унти (боль) бахъизелъун. Наркоманаз гьел хIалтIизарула жидеего рахIат (кайф) щвезе гIоло. Наркотиказ хвезарула къуваталги, гIакъилалги, бажаригьунар бугелги. Гьеб загьруялдаса гIадамал хвасар гьаризелъун, дунялалъул халкъаз наркоманиялдехун гьабула таваккалаб къеркьей. БатIайиса букIине ресги гьечIо. Наркотиказ рахIму тун хвезабула чиясул тIегьалеб бицунеб ва хъвалеб бугониги гьелъул заралалъул, гьеб къотIизабизе, сангар лъезе бажарулеб гьечIолъи. Соналдаса соналде гьелъухъ гIащикълъарал цIикIкIунел руго. Жакъасеб къоялде наркотиказухъ гIащикълъараллъун I3-I4 саназда ругелги руго.

ЯхI гьечIолъи ккола наркотикал аптеказда, къватIахъ, тукабазда бальго ричулел рукIин. ЦIакъго хIажалъи ккун гурони медицинаялъул гIуцIабаз наркотикал къватIире кьоларо печать чIвараб хасал учеталъул рецепт гьечIого, амма гьедин тадбир гIуцIун букIаниги, гьел ричулелги ратула.

Гьез гIарац балагьула бечедал умумузухъа, гьарун щолеб гьечIони бикъула ва бахъула (разбой) гьабун.

Цо-кIиго нухалъ наркотик гьабуни кайф щвезе гIоло хадурккун гьеб гьечIого чIезе кIолареллъун лъугьуна.



Наркомания тIибитIиялъе кинал шартIал ругел?

ТIоцебесеб шартI буго гIолилазул хIалтIи гьечIолъи;

КIиабилеб шартI буго гIолохъанаб гIелалъе культурияб хIухьбахъи гьабизе шартIал гьечIолъи;

Лъабабилеб шартI буго хIукуматалда социалияб ритIухълъаби гьечIолъи (гос. чиновниказул) рахъалъан, коррупциялъ ва гражданинасул ихтиярал цIунулел гьечIолъи.

Полохъанав чи нилъеца заманалда цIунулев гьечIони квешаб ахиралде вачуна. Гьедин обществоялъе пайдаяв вугев инсан куцазе, гIезавизе тIадаб буго нилъеда тIоцебесеб иргаялда лъималазул умумазда, школазда, жамагIатазда, диниял гIуцIабазда, жанисел ишазул гIуцIабазда.

гIумро, ай гьелъулъ буго хвалилаб унти инсанасулъе ккеялъул хIинкъи. Гьеб буго дару гьечIеб унти. Наркоманаз жидерго черхалде рахIат бачIинабизе хIалтIизабула гьеб, бегьулареб цIикIкIараб къадаралда гьеб чорхолъе ккараб мехалда, гIемер ккола гьеб цIикIкIин, ай (передозировка). Гьелдалъун гIадан гIакълуялдаса уна, ахирги медицинаялъул кумек заманалда щвечIони хвезеги бегьула. Наркоманас наркотикал щвезе бигьаял нухал ралагьулаго такъсириял ишал гьарула, наркотиказде ругьунав чи уна бокьараб такъсиралде, цIогьодула, чи чIваялдасацин нахъе къаларо. Къоялдаса къоялде гьев гьелъул цIобалде тIубанго вачуна. Бищунго квеш ккараб буго,

Полохъаби цIунизе ккола, бербалагьи гьабичIого тезе бегьуларо, гьеб балагьаб, заралияб унтиялдаса цIунизелъун.

Наркотиказде данде МВДялъул отдела лъул хIалтIухъабазги лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго районалда наркотик гьорлъ бугеб габани хвезабиялда, гьеб гIезарулел тамихIалде цIаялъе, гIакIаби рахъиялда.

КъваригIараб буго гьеб хIалтIи чучлъизе течIого хадубккунги билъанхъизабизе ни лъерго районалда ва тIолабго Дагъистаналдаги.

---

# Росабазул бутIрузулгун дандчIвай

БетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас бихьизабуна 1132 ракьалъул участка т1ад хъван бугин, тIубаялъул буго I9 процент.

Налоговияб инспекциялъул вакил П. ГIусмановалъ абуна: 20I3 соналъул октябралдаго байбихьана актуализация гьаби. Гьелъ бихьизабуна гIемерал гIунгутIаби ричалел ругин росабазул бутIруз зеленка ва цогидалги документал цIезарулаго, бихьизабуна семинар-совешание ахIизе кколин администрациялъ гьезда хIалтIи бичIчIизабизе.

20I6 соналдаса нахъе районалда хIалтIулеб буго гIемер рахъазулаб Центр, гIемерал документациялъулал хIалтIаби тIуразарула гьенир. Актуализациялдаги цIикIкIараб роль буго гьелъул.

«Щуго росулъ хIалтIулел руго нижер специалистал,-ян бихьизабуна МФЦялъул директор Б. МухIамадовас. – Росабазул бутIруз ахIани гьебсагIат гьениве специалист витIила документал цIезаризе, кинабго рахъалъ кумек гьабизеги. Гьес бихьизабуна семинар-совещание ахIулагоги нижер хIалтIухъаби гIахьаллъизе ругин.

Гьединго данделъиялда хабар ккана неформалияб занятосталъул, боцIуда гьоркьор тIиритIун унел ругер вирусниял унтабазул, гьелда данде хIалтIаби гьаризе ккеялъул чIванкъотIарал масъалаби цере лъуна росабазул бутIрузда ва ветеринарияп хIалтIухъабазда районалъул бетIерас ва кIалъазе рахъараз. Жавабиязе кьуна тIадкъаялги.

**Райадминистрациялъул информационнияб центр**

---

# Черхалда жан бачIуна, гIолохъанлъула

**Ролъул, богIол, могьолал культурабазулъ цогидал нигIматазде дандеккун, бищун цIикIкIарал витаминал ва минералал рукIуна.**

**Кин хIалтIизарилел кванилъ тIирщал?**

Киналго унтабаздаса тIирщарал мугьаз сахлъизарилин ракIалде ккезе бегьуларо. Масала, моцIалъ гьелги кванан 20 соналъ гIолохъанлъуларо ва киналго унтабаздаса эркенлъуларо. Амма унтабазда дандечIей цIикIкIина ва витаминаздалъул черх хьезабила.

Щибаб къоялъ тIирщазул бащдаб стакан кваназе яги салатазулъ хIалтIизабизе бегьула. Гьелъ бидулъ гемоглобин цIикIкIинабула, бидул тIадецуй дагьлъизабула, канлъи бачIинабула, гIусал ва ботIрол рас цIунула. Гьединаб диетаялъ ракалъул унтабаздаса цIунизеги квербакъула.

**Кин цIунилеб?**

Мугьал яги хьонал чурила. Лъеда тIаде рачIарал мугьал нахъе рехила. КIиго сордо-къоялъ тIирщичIел мугьал кванилъ хIалтIизаризе бегьуларо. Гьезда гьорлъ сальмонеллаби ва бакьазул палочкаби рукIуна. Гьединлъидал, тIирщизе лъелалде цебе мугьазде тIаде гьалараб лъим тIела ва хулила. Цадахъго гIемераб мугь тIирщизе лъезе лъикIаб букIунаро: заман бараб тIирщиялъ унтизаризе бегьула. Холодильникалда жаниб 48 сагIаталдаса цIикIкIун цIунизе лъикIаб гьечIо тIирщал гьорлъе жубараб квен. БецIкIуяб кьер чIвани, гьединаб кванидаса инкар гьабизе ккола.

**Мугьал тIирщизабулеб къагIида**

Сордо-къоялъе цо чиясе хIажалъула тIирщазул 50-I00 грамм.

I. Мугьазул цо стакан гъваридаб гьадринибе бала ва гьелда тIаде кIиго стакан лъим тIела. Рокъоб, хинаб бакIалда гьедин лъун тела лъабго сордо-къоялъ. Хадуб гьел биччизабураб бецIаб ххамида тIад тIиритIизарила ва жеги кIиго сордо-къоялъ тела. ТIирщизе байбихьарал мугьазул махI бахъуна. Гьеб махI инегIан гьел лъеца ххулизе ккола.

2. Гьелдаса хадуб чурарал мугьал нахъеги гьадринире рала ва мугьал тIерхьинегIан тIаде лъим тIела. ТIад бицатаб хамил кесекги бан, хинаб бакIалда тела цо сордо-къоялъ. Цо миллиметралде тIирщал рахараб мехалда мугьалгун цадахъ гьел хине ккола. Гьедин лъугьараб ханжуялде



тIаде гьалараб лъим (рахъ) тIола (ханждал цо стаканалда лъел (рахъдал) цо стакан). ТIад тIалъелги лъун, цIорозегIан тола ва кванала.

Гьалил культураби цIорол яги алюминаялъул цIарагIалда жаниб лъезе ккола ва тIаде тIола гьалараб цIорораб лъим. ТIаде биччизабураб ххамги бан, I0 къоялъ хинаб бакIалда лъун тела. Зама-заманалдасан ххам биччизабила. Гьеб болжалалда гьалил тIирщал кIиго сантиметралдасаги халалъула ва бищунго тIагIамал рукIуна.

ТIирщизе бараб мугь тIакъго бакъвазегIан тезе яги гIемерго биччизабизе лъикIаб букIунаро: бакъвараб мугь тIирщуларо ва цIакъго биччизабуралда тIад ккал чIвазе бегьула.

**Салаталъул рецепт**

Пихъазул ва ролъулгун семичкадул тIирщазул салатазе хIажалъула: цо-цо банан ва киви, рокъоб гьабураб хIан – 0-I00 гр., соно – лъабго кIудияб гьуд, ролъул ва семичкадул тIирщал – щибалъул кIи-кIи гьуд, гьоцIо – кIиго гьуд. Бащдаб лимоналъул сок.

Рехсарал нигIматал гьорлъ журазарила ва кваназе кьела.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора 55-63-07**

**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 30.06.16 г. 17.30 фактически -19.45 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 1400 экз.